



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANTITE KA OSPITALIZASYON AK LANMÒ KI PI BA DEPI LÈ PANDEMI COVID-19 LA TE KÒMANSE

Yo pral pèmèt lye adorasyon yo re-ouvri ak 25 pousan okipasyon yo pandan faz de a

Li pibliye Dekrè Egzekitif k'ap pèmèt batiman komèsyal yo fè tchèk tanperati pou nenpòt moun k'ap antre nan batiman an

Vil New York toujou sou wout pou antre nan premye faz re-ouvèti a nan dat lendi 8 jen

Eta ap deplwaye plis pase yon million mask & 25,000 galon ak 500,000 boutèy sanitayzè 2 oz. pou MTA pou re-ouvèti a

Konfime 1,108 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 377,316; Nouvo ka nan 45 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse eta a te atenn kantite ka ospitalizasyon ak lanmò ki pi ba depi lè pandemi COVID-19 la te kòmanse. Kantite ka ospitalizasyon total la te desann yè a 2,603 kont yon rekò 18,825 pandan pik pandemi an, epi 35 moun nan New York te mouri akòz COVID-19, kont yon rekò 800 moun jis uit semèn de sa.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke yo pral pèmèt lye adorasyon yo re-ouvri avèk 25 pousan okipasyon yo ak tout pwotokòl distans sosyal yo an plas pandan faz de re-ouvèti a. Tanp adorasyon yo nan sèt rejyon yo ki deja antre nan faz de a- Rejyon Capital la, Santral New York, Finger Lakes, Mohawk Valley, North Country, Southern Tier ak Rejyon Lwès New York - ka re-louvri k'ap kòmanse demen 7 jen an.

Gouvènè a te anonse tou ke li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif k'ap pèmèt batiman komèsyal yo fè tchèk tanperati pou nenpòt moun k'ap antre nan batiman an pliske travayè biwo yo kòmanse retounen nan espas travay la.

Gouvènè a te anonse tou Vil New York toujou sou wout pou antre nan premye faz re-ouvèti a nan dat lendi 8 jen. Pousantaj tès COVID ki pozitif pa jou nan Vil New York bese lè li soti nan yon pousantaj elve 57 pousan pou tonbe a 2 pousan chak jou. N ap jwenn direktiv New York Forward pou re-ouvèti premye faz a [isit la](#).

Gouvènè a te anonse tou ke an previzyon ak re-ouvèti Vil New York, eta a ap deplwaye plis pase yon milyon mask, ak 25,000 galon ak 500,000 boutèy sanitayzè 2 oz. pou MTA a.

"Re-ouvèti ekonomi an se yon valv - nou te di ke nou te pral ouvri valv la pwogresivman epi siveye mezi yo, epi tout mezi nou yo bon anpil jodi a, kidonk nou pral ouvri valv la plis pase sa nou te prevwa nan kòmansaman an", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Kounye a nou gen chif ki pi ba a nan ospitalizasyon ak lanmò ki lye ak kowonaviris la depi pandemi sa a te kòmansè - ki se yon bon nouvèl - kidonk nou pral akselere ouvèti tanp yo, moske yo ak legliz yo epi pèmèt lye adorasyon sa yo ouvri ak jiska 25 pousan nan kapasite yo nan faz de a. Men moun yo dwe toujou rete entelijan epi swiv tout prekosyon ak direktiv ki nesèsè yo paske si mezi yo kòmansè chanje, re-ouvè a pral gen pou li ralanti."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,108 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 377,316 ka konfime nan Eta New York. Nan total 377,316 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,953	12
Allegany	51	0
Broome	613	8
Cattaraugus	92	0
Cayuga	100	2
Chautauqua	99	2
Chemung	137	0
Chenango	133	0
Clinton	97	0
Columbia	412	1
Cortland	41	0
Delaware	85	1
Dutchess	3,995	11
Erie	6,429	70
Essex	38	0
Franklin	23	0
Fulton	222	3
Genesee	206	1
Greene	246	4
Hamilton	5	0
Herkimer	122	7
Jefferson	75	0
Lewis	20	0

Livingston	121	0
Madison	325	2
Monroe	3,167	50
Montgomery	98	2
Nassau	40,853	56
Niagara	1,109	10
NYC	206,511	571
Oneida	1,127	50
Onondaga	2,375	46
Ontario	220	1
Orange	10,508	24
Orleans	254	7
Oswego	114	2
Otsego	74	1
Putnam	1,274	4
Rensselaer	499	2
Rockland	13,315	18
Saratoga	501	5
Schenectady	710	4
Schoharie	54	3
Schuyler	12	0
Seneca	61	0
St. Lawrence	209	2
Steuben	251	5
Suffolk	40,278	39
Sullivan	1,411	2
Tioga	134	0
Tompkins	171	4
Ulster	1,714	3
Warren	257	1
Washington	240	0
Wayne	123	1
Westchester	33,924	70
Wyoming	89	1
Yates	39	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)